



# Indian River County

# Etid Bezwen

# Kominote

REZIME ANGWO



**S**e pou premye fwa nan yon deseni, nan lane 2019 majorite òganis finansman yo, gwooup donatè yo, gouvènman Indian River ak lidè kominote a te met ansanm pou evalye nesite Indian River County yon jan konplè. Nan entèval yon lane, gwooup la te travay ansanm ak yon konsiltan endepandan pou rasanble, revize epi analize en-fòmasyon yo. Plis pase 50 ajans ki ede moun gratis te patisipe ak prezans direktè yo, staf yo, ak kliyan yo. Yo te sèvi ak etid ki fenk fêt yo epi yon bon valè ekspè te pote sipò yo nan etid la. Moun k ap viv nan kat kwen Indian River te reprezante moun nan katye ki gen pi gwo defi ekonomik, yo te eksplike dirèkteman bezw-

en yo swa yo te ranpli yon fòmilè ankèt ki te nan lang anglè, espayòl ak kreyòl osinon tou yo te patisipe nan gwooup diskisyon oubyen yo te fè toude. Rapò Etid Bezwen Kominote a sa « Assessment » sa soti nan yon efò anpil moun ki te kole zèpòl.

Done ak entèvyou sou Etid Bezwen Kominote a te prepare nan mitan lane 2019, se te anvan gwo deblozay sou maladi kowonaviris la (Covid-109) te pete. Pou kèk rezon pratik, Etid sa pa te kab fè pyès efò pou antre efè maladi kowona (Covid-19) sou ekonomi, systèm sante, travay ak sa li koute pou viv nan Indian River County ni okenn lòt efè. Sou menm liy sa a, figi Indian River County nan Etid Bezwen Kominote kapab parèt tankou youn ki chanje ak lespwa, omwen nan yon ti tan ki pa twò lwen.

## Mesyedam, fè konesans ak yon popilasyon k ap vyeyi epi ki divès

Avèk yon popilasyon ki genyen prèske 150.000 moun, Indian River County mezire 503 mil kare, epi li lokalize l nan mitan Kòt Ès Florid la nan yon espas ki rele Treasure Coast. Kapital County a nan Vero Beach. Angwo, popilasyon Indian River County ap ogmante. Granmoun ki gen plis pase 65 lane yo reprezante gwooup ki ap ogmante pi rapid la. Anplis tou, popilasyon an vin pi varey sou kesyon ras ak etnik, avèk gwooup Panyòl yo ki reprezante gwooup minorite ki ap ogmante pi rapid.

## Rich ak retrete yo, fè konenans travayè pòv yo.

Indian River County se youn nan 10 County ki pi rich nan Florid. Nan tan Etid Bezwen Kominote a t ap fèt la, ekonomi County a te nan pi bon eta epi chomaj la te pi ba pase nan lane ki pase yo. Menm avèk bon eta sa a, mwatyè nan fanmi nan County a te vrèman estrese finansyèman, yo t ap viv nan malsite, oubyen yo te kab tonbe nan malsite si yo te fè yon mwa yo pa ta touche. Pou pi piti 1 pousan (1%) nan tout popilasyon County a nan lane 2019 pa t gen kote pou yo rete, ladan yo te gen plis pase 150 timoun.

Indian River County klase dizyèm nan diferans salè ant sa ki nan 1% pi rich yo ak sa ki dèyè nan 99 pousan sa ki touche pi mal yo nan yon total 3.061 County nan tout peyi a. Chak ane, 1 pousan (1%) moun ki touche pi byen yo fè anmwayèn \$2,9 milyon, alòske sa ki dèyè nèt yo nan 99 pousan an (99%) touche an mwayèn \$43.373. Tandiske li koute yon fanmi ki gen 4 manm an mwayèn \$63.145 pou viv nan kominote nou an. Nan 2019, djòb tipik pou moun ki pi malere yo se te nan sektè sèvis la epi yo touche pi piti pase lòt kominote nan Florid. Nan yo gen menajè, sèvè/sèvèz nan restoran, jadinye ak jounalye. Gen nan gwooup sa tou, anpil nan 3.000 pwofesè lekòl nou yo tou ki gen yon salè mwayèn \$43.094. Malerezman, pwojeksyon pou dizan nan ogmantasyon djòb nou yo pou zòn pa nou a te gen tandans pou yo plis nan djòb ki pa peye byen sa yo; se yon tandans ki bon pou moun ki rete poukонт yo men ki pa fè prèske anyen pou ede fanmi k ap lite pou yo avanse.



## Gwo pwoblèm, rankontre kèk solisyon.

Etiz Bezwen Kominote a pwouve gwo pwogrè ki te pran anpil efò nan anpil kote sitou nan 3 a 5 ane ki sot pase yo. Men kèk ki ta bon pou nou mansyone:

- Mòtalite timoun diminye.
- Efò tèt ansanm tankou alfabetizasyon kominote a, Moonshot Moment la, te prepare timoun yo pi byen pou yo rantre lekòl tou pare pou yo li nan nivo pa yo. Preparasyon pou matènèl amelyore men gen plis amelyorasyon toujou ki pou fèt.
- Jwenn sèvis pou sante mantal ak sèvis pou moun ki pran twòp tafya oswa dwòg te ogmante grasa yon kolaborasyon ant ajans yo ak moun ki bay swen sante yo.



## Pi gwo pwoblèm, rankontre ankò lane pwochenn, ane apre ane k ap vini an, epi lane k ap vin apre l.

De tout fason, gen pwoblèm sistèm ane apre ane. Twouhing egziste ant salè moun touche nan pwofesyon ki pi sou moun yo nan County a ak chète lavi a ki kontinye boulinen monte bò isit la, sitou pou swen sante, gade timoun ak lwaye, elimine pwogrè ki fèt nan lòt kote yo. Konsa, gen anpil bagay toujou ki dwe fèt pou rive amelyore kalite lavi pou anpil moun ki abite isit.

- Gen twòp nan fanmi ki nan County a ki pa kab jwenn djòb kote yo kab fè ase kòb pou yo kab gen yon kote pou yo rete ki gen sekirite e ki yon bon kalite kote.
- Twòp nan timoun nan County a pa prepare pou yo antre nan matènèl epitou yo pa fini lise (high school). Jenn gason ak fi ki sèvi ak sigarèt elektwonik, gwochès jenn tifi, maladi mantal ki pa trete ak pèdi twòp jou lekòl se tout sa yo ansanm ki anpeche timoun yo reyisi.
- Twòp moun ki rete nan County a pa gen ase lajan pou yo peye pou sèvis medikal ak swen dan.
- Twòp moun ki rete nan County a pa kab jwenn swen mantal ak sèvis ki pou ede yo jwenn gerizon pou maladi sa yo; epi menm jan an pou pwoblèm yo gen ak sibstans tankou dwòg.
- Twòp granmoun aje ki rete nan County rete poukонт yo oubyen yo rete lwen ak gwoupman sosyal yo ki ta kapab fè lavi yo pi ge ak bon eksperians lespri pandan y ap antre nan laj Pou konplike pwoblèm sante, sosyal ak mantal ki vini ak moun k ap antre nan laj yo, twòp nan granmoun aje yo gen tandans fimen ak bwè anpil prèske de fwa plis pase tout lòt kote nan Florid.

Gen plis dezafi k ap vini toujou. Planifikasyon k ap gade pi lwen dwe prevwa bezwen espesyal ak sikontans gwoup demografik k ap ogmante pi vit yo. Si tandans yo kontinye konsa, granmoun aje ki déjà 32 poustan nan populasyon an gen pou li grandi jiska 36 poustan. Chanjman nan ras ak etnisite dwe jwe yon wòl enpòtan nan plan yo, paske populasyon minorite yo ap



kontinye grandi. Se pou pwogram yo devlope yon jan pou yo adrese bezwen gwoup sa yo.

## Charite bay bonkou èd, filantropi enpòtan, men lajan leta esansyèl.

Kòm Etid Bezwè Kominate a detaye I, gen rezon pou nou ankouraje. Indian River County gen anpil chans pou li genyen nan kominate li a ni gwo ni ti bayè fon ki pa chich ak sipò finansye yo epi yo rann moun sèvis. Gen nan yo se moun nan zòn nan ki pamí sa ki gen plis mwayen nan Florid. Gen anpil nan yo ki dedye yo pou ede sa gress moun ak fanmi yo ki gen plis pwoblèm nan zòn lan ak kontribisyon charitab yo bay chak ane oubyen amelyore kominate ak envertisman k ap dire lontan. Anpil nan pi bon lide nou yo ak aktivite n ap mete sou pye se akòz jenerozite pa yo.

Nan yon lòt sans, lajè diferans ant moun isit ki rantre anpil lajan ak sa ki pa fè anpil lajan parèt fò anpil; epi County a gen youn nan yon pwofil inegalite ant sa ki touche wo ak sa ki touche ki youn nan sa ki pi grav nan tout peyi a. Nivo malsite yo sanble yo p ap ni monte ni desann; plis moun afè yo pa te mal vin rann yo kont yo pa kab bay tèt yo sa yo te konn abitye bay tèt yo lontan. Moun nan County a gen chans yo genyen lajan ki la pou edikasyon, lasante ak lòt sèvis nesesè. Men, nou pral bezwen plis resous toujou si tout bon lide ki kapab amelyore kalite jan nou viv la pral gen yon chans pou devlope nèt.



## Chache konprann dabò.

Etid Bezwèn Kominote sa dwe fonksyon tankou yon apèsi sou kondisyon kounyea ak sa ki kapab vini pita ki bezwen moun kenbe je sou yo ak tout ijans. Li kab sèvi tou kòm yon baliz (foto pou dirije w) pou moun ki bay lajan –Se pa yon katalòg solisyón li ye. Moun nan kominote a ki kontribiye lajan yo, ekspè nan sèvis gratis yo, ajan gouvènman yo, ak sitwayen ki gen bon lide yo a gade revize dokiman sa ak swen, diskite l youn ak lòt, epi vini ak lòt jan diferan pa yo ki kab ede yo retouche pwogram k ap mache byen yo epitou vini ak lòt lide ki nèf. Vrè rezon pou Etid Bezen Kominote sa se pou kapab genyen diskisyón ki fè moun pasyone e panse ak plis angouman, kòmanse pwogram ki pi efikas toujou, epi ankouraje tout moun nan kominote a pou sipòte yo.


Yon apèsi sou kèk nan konklizyon ki pi gwo nan senk sektè Etid Bezwèn Kominotè a te egzaminen

## Timoun yo

- Gen bon valè ogmantasyon nan jan timoun pi piti yo aprann li ak jan yo absòbe anglè byen; men lekòl bisonyè (timoun ki pa ale lekòl) pou pi gran timoun yo toujou rete wo.
- Kantite timoun ki mouri piti desann, kwak pwogrè sa pa menm jan pou tout kalite gwooup moun yo.
- Mwens nan timoun ki piti yo kapab jwenn asirans sante, sa ki pi mal pou jwenn asirans yo se fanmi ki touche mwens lajan yo akòz jan pwogram yo òganize oubyen facilite pou rive jwenn pwogram sa yo. Rive jwenn swen pou pwoblèm mantal ak swen pou dan se yon bagay ki bay plis tètchaje.
- Gen gwo bezwen pou plis disponibilite pou bonjan jaden-danfan ak bonjan kote pou timoun yo rete apre lekòl pou nonsèlman pou elèv yo reyisi ak fè kontak ki ede yo viv pi byen, men tou pou papa yo ak manman yo kab gen mwens pwoblèm nan djòb yo.

## Opòtinite ekonomi ak travay

- Posiblite pou moun travay wo konpare ak tan pase ; men ogmantasyon salè pou kategori ki pi plis yo pa kapab kenbe pa ak jan chète lavi a ye sitou nan kategori peye kay ak lasante.
- Genlè redui nivo malsite pou fanmi ki viv ansanm yo bay tout efò gwo dezafi.
- Gen de plizanpli fanmi ki ap travay, men pou byen yo pa ka genyen yo pòv. Dèt pou repeye tousuit pi plis pase lajan likid ak pwopriyete moun kab vann vit, sa pa bay moun okenn repondong pwoteksyon pou pran swen ijans ki parèt sou yo bridsoukou, takou repare machin yo, depans medikal, pèd djòb yo oswa ti moman pou yo soti nan yon djòb pou ale nan yon lòt. Fanmi ki nan kategori sa pi plis pase mwatyé fanmi ki genyen nan County a.





## La sante

- Anjeneral sante moun ki rete nan County a miyò pase lòt moun ki rete nan Florid.
- Kantite pedyat ak doktè jeneral pou chak moun ki rete isit ak travayè nan sektè sante mantal pi defavorab pi ba pase rès moun nan Florid ak moun nan tout peyi a. Akòz travayè nan sante mantal yon jan ra se yon pwoblèm sa ye pou kèk gwoup, timoun yo ladan l tou.
- Prèske mwatye moun ki rete isit la pa gen asirans dan.
- Gen yon kalite gwoup moun ki pi siseptib pou pa genyen asirans epi yo gen mwens fasilité pou swen sante, tankou, jenn moun yo ak moun ki nan travay ki pa peye byen ak djòb ki gen benefis ki pa elve.
- Gen de plizanpli granmoun ki bwè tafya ak fimen epi jenn moun ki fimen sigarèt elektwonik. Melanje sa yo ak lòt aktivite ki pa fin bon pou lasante, vin gen plis moun ki mouri ak kansè poumoun ak kansè fwa. Poutan, kansè ak maladi kè kontinye kòm pi gwo kòz lanmò.
- Pou anpil maladi, pouvantaj yo pi move anpil pou kèk ras, etnik, ak gwoup ekonomik. Pa egzanp, nwa yo gen plis ka lanmò ak kansè, maladi kè, kriz tansyon, ak bakterya pou maladi seksyèl. Panyòl yo gen plis ka VIH/SIDA.
- Mank posiblite pou jwenn asirans, opsyon limite pou transpòtasyon, mank posiblite pou bon nitrisyon ak mank konprensyon pou sa, se kèk nan rezon ki fè pi gwo diferans ant sante moun ki nan gwoup nan sosyon-ekonomi yo.

## Lojman


- Lojman se yon pati ki pi gwo nan depans total yon fanmi, epi l ap ogmante pi vit pase ogmantasyon salè.
- Yon tyè nan moun ki rete nan County a, plis pase 20.000 moun, peye plis pase 30 poustan nan lajan yo touche a pou kay. Yon lòt 2 poustan sanzabri oubyen sou lis y ap tann gou-vènman rele yo pou kay y ap ba yo.

- Pa gen sètid pou lojman gen yon efè negatif ki fò sou jan moun yo santi yo ye ak sa yo rive fè. Pa egzanp, lè yo oblige deplase kite kote yo te rete a- yo fose bwote – lakòz timoun yo oblige ale nan yon lòt lekòl oswa timoun lan vin sanzabri.



## Granmoun aje yo

- Prèske yon tyè nan moun isit yo se ganmoun aje. Epitou yo se gwoup k ap ogmante pi vit la.
- Apeprè 25 poustan nan granmoun sa yo rete poukонт yo, twaka nan moun sa yo se granmoun fanm.
- Akòz pouvantaj moun ki rete poukонт yo, epi jan sa ap ogmante, se pou nou gade byen kijan nou kab jere aranjman pou granmoun yo, tankou kay ki bay swen pi lontan oswa jan ki kreyatif kote yo kab rete poukонт yo nan yon gwoup sosyal.
- Kwak Granmoun aje yo gen plis chans pou gen asirans sante epi pi ansante pase lòt gwoup yo, men yo gen plis tandans pou konpòtman ki pi danjere tankou fimen ak bwè tafya.



## Se ou ki pou chanjman ou vle wè nan kominote w la

**M**en kèk jan ou kapab pataje sa Etid Bezwen Kominote rive konkli a; epitou enspire dyalòg rale mennen vini ki kab fè chanjman ki va dire:

1. Pataje rezime angwo sa a ak moun ou konnen.
2. Fè yon rasanble pou kafe, dejennen, letch, dine oubyen yon ti konvèrsasyon kòktèl ak kèk zanmi oubyen kòlèg pou diskite rezime angwo a. Lè w fini, pataje lide ou yo ak yon manm Konseye Komite Etid Bezwen Kominote a.
3. Envite yon manm konseye Komite Etid Bezwen Kominote a pou fè yon prezantasyon sou Etid Bezwen Kominote a kote w travay la, kote w ale legliz la oubyen adore a, nan Country Club oswa klub sivik ou a oswa nenpòt lòt kote ki gen sitwayen ki aktif nan kominote a ki rasanble.

### Pou plis enfòmasyon oswa pou re-sevwa yon kopi Rapò konplè a:

Tanpri kontakte Indian River Community Foundation nan 772.492.1407 oswa United Way nan Indian River County nan 772.567.8900.

INDIAN RIVER  
**COMMUNITY FOUNDATION**

  
United Way  
of  
Indian River County

Kopi Rezime Egzekitif la ak Rapò konplè ka jwenn tou nan:  
**[www.ircommunityfoundation.org](http://www.ircommunityfoundation.org)**  
**[www.unitedwayirc.org](http://www.unitedwayirc.org)**